АССАЛАМУ ГІАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

№4
(9945)

РУЗМАН

5 февраль
2021 сон

23 ДЖУМАД АЛЬ-АХИР 1442 СОН

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Единство

Газета къватІибе уна моцІида жаниб 4 нухалъ

Багьа эркенаб

■ ИМАМ ШАМИЛ ХВАРАЛДАСА 150 СОН ТІУБАЯЛДЕ

# Гъазават лъугІигун, дунялалъул шаригІат бесдал хутІана



**4 февралалда 150 сон тІубана тІарикъаталъул устар, имам Шамил гІумруялдаса ватІалъаралдаса. Гьелда бан, нилъер республикаялда ва къватІибехун тІоритІула имамасул ракьцоялги, тарихчагІиги, жамгІиял хІаракатчагІиги данделъарал тадбирал. Имам Шамилица дунял таралдаса нахъе ана кІиабилеб гІасруялъул бащалъи, амма жакъа къоялъги лъугІулел гьечІо гьев мубаракав инсанасда сверухъ гІелмияб дагІба-къецги, къваригІел гьечІел политикиял хІаязул бахІсалги. Советияб заманалда гьев «гьавулев» вукІана ингилисазул жасуслъунги. Амма аби бугелъул «мустахІикъазда гурони мустахІикъазе къимат кьезе бажаруларин».**

Жакъа нилъ чІухІарал руго нилъер районалъе Шамилил цІар кьун букІиналъ. Гьесул цІаралда буго Шамилхъала поселок, республикаялъул росабалъ ва шагьаразда чІахІиял къватІал, гІуцІун буго тарихгун маданияталъул жамгІияб фонд.

ТІолго дунялалда чІахІиял улкабаз киналго халкъал ахІула демократиялде. Рахъула къанунал инсанасул ихтияразул ращалъи цІуниялда хурхарал. Дунялалда бугеб «демократияб» ахІвал-хІал лъала киназдаго. Амма имам Шамилица гІуцІараб тІоцебесеб демократияб пачалихъ-Имамат, такрар гьабун жеги бажаричІо. Гьединазда абула кинабго рахъалъ цІакъго тІокІав чиян, гІурус мацІалъ абуни тарихалъул феномен. Аллагьас кьураб гІакълу-лъаялъ, гьесде вахарав цониги гІакъилав политик, рагъул цевехъан, цІодорго гьоркьоблъи гьабулев вакил вукІинчІо. Гьединго гьев рикІкІуна аварагасул (с.гІ.в.с.) анлъабилев асхІаблъунги. ТІарикъаталъул устар, ШугІайб Багъинияс абун буго: «Шамил имамасул гъазават лъугІигун, дунялалъул шаригІат бесдал хутІанин».

*(Ахир 2-леб гьум.)*

■ #СТОПКОРОНАВИРУС




# COVID-19 алде данде вакцинация байбихьана

**Араб соналъул ихдал байбихьараб гьаб балагьаб унтиялъ лъагІел данде сверулеб буго. Коронавирусалъул инфекциялъе дандечІеялъе хІадурун бугеб Гам-Ковид-Вак абураб вакцинаялъул 27 январалда нилъер районалъул Централияб больницаялде бачІана нусго доза.**



ТІоцебесеб иргаялда вакцина щвезе рес буго медиказе, администрациялъул, полициялъул, школалъул ва ясли-ахазул хІалтІухъабазе.

Вакцинациялъул киналго тІалабазул мухІканлъи кьуна райполиклиникаялъул заведующий Рустам КъурахІовас: «Вакцина гьабизе бокьаразул кІиго анкьил заманалда жаниб рукІине бегьуларо щибго гриппалъул симптомал ва унтаразулгун гьабизе бегьуларо бухьен. ХІалтІизабизегІан вакцина цІунун буго хасал шартІазда рекъон, цІорой кколеб бакІалда. Вакцинаялъул доза хІадуризе бихьизабураб заман букІуна, гьединлъидал, гьеб гьабизе бокьаразе щивасе хасгьабун заман дандеккезабизе буго. Гьукъараб буго COVID-19 алъул вакцина 18 соналде рахинчІеб гІелалъе, халат рахъарал гІузрабазул хІалуцин бугел чагІазе, лъимер хахулел ва лъимаде ругел руччабазе. Цебеккун гриппалде яги цойги батІияб унтуде данде прививка гьабун букІарав чияс, «Гам-Ковид-Вак» вакцина гьабизе ккани, моцІидаса дагьаб гьечІеб заман базе ккола гьоркьоб. Прививка буго хІадурун кІиго бутІаялдаса, гьединлъидал, лъикІаб хІасил кьезе гьеб гьабула кІиго нухалъ батІа-батІаго. ТІоцебесеб компонент биччала цин, кІиабилеб биччала 21 къоялдасан.»

Гьеб гьабилалде щивав чи щвезе ккола врачасухъе ва кьезе ккола анализал. Гьезул хІасилазда рекъон, тохтурас мухІкан гьабула вакцинация гьабизе кколищали. Амма нилъер халкъ цІакъ хІинкъадго букІуна гьел прививкабазул ишазда гьоркьоб. Чанго гІасруялъ цебе, Екатерина Великаялъ оспа унти тІибитІун бугеб заманаялъ тІоцебе жиндаго, хадуб жиндирго 14 сон барав васасда гьабун хІалбихьи гьабуна оспаялде данде бугеб прививкаялъул. Халкъалъе гьелъ мисал бихьизабуна, киналго Екатеринада хадур рилъана ва кутакаб эпидемия лъугІизабизе кІвана. Нилъееги мисаллъун рукІине нилъер нухмалъулезги тохтуразул малъиялда хадур рилъун гьарулел руго гьел вакцинаби. Гьаб анкьида администрациялъул отделазул хІалтІухъабазги, районалъул нухмалъулезги кьуна тІадал анализал, байбихьи лъуна вакцинациялъе хІадурлъиялъе.

Районалъул бетІерасул заместитель К. МухІамадовасул баяназда рекъон, жакъа къоялде щвезегІан вакцина гьабизе бокьаразул къадар 238 чиясде бахана.

Районалъул поликлиникаялда вакцинаби гьаризе бихьизабун буго хасаб кабинет, хІадурун буго хІалтІул график. Врачасухъе приемалъ рачІине бокьарал кІалъазе бегьула гьаб хадуб кьураб номералде: (887259) 2-22-51

*П. ЖАМАЛУДИНОВА*

■ ДАНДЕЛЪИ

# Бегавулзабазе тІадкъаял

**27 январалда райадминистрациялда тІобитІана иргадулаб росдал бегавулзабазул данделъи. Цере лъурал суалалги рехсон, гьеб нухда бачана районалъул бетІер МухІамад ХІасановас. Данделъиялда гІахьаллъана ОМВДялъул нухмалъулев Ш.Къурбанов, прокурорасул ишал тІуралев ХІ. ГІонжолов, администрациялъул жавабиял хІалтІухъаби ва росдал бегавулзаби.**



Данделъи байбихьана районалда коронавирусалъул бугеб ахІвал-хІалалдасан. Аслияб кІвар кьуна вакцинация гьабиялде. Районалъул бетІерас бегавулзаби ахІана тІоцебе жидедасаго гьеб балагьаб унтуде данде къеркьей байбихьизе. -Дицаги кІиго нухалъ кьуна анализ ва хІадурав вуго вакцинация гьабизе,- ян абуна районалъул бетІерас. Цебе лъураб тІоцебесеб суалалъул хІасил гьабулаго, бетІерас бегавулзабазда тІадкъана вакцина гьабизе бокьарал гІадамазул сияхІ гьабизе, ва бицана нилъер районалдаги гьелъие чІезабун бугеб ресалъул.

Хадув кІалъазе вахъана финотделалъул нухмалъулесул заместитель ШагІбан МухІамадов. Гьес баян кьуна 2020 соналъ ракІарарал буголъиялъул налогазул хІакъалъулъ. Гьесул рагІабазда рекъон, церехун арал саназде данде ккун 2020 соналъул хІасилал лъикІал руго.

Гьелдаса хадуб гьоркьоб лъуна районалъул ОМВДялъул кагъат, канализация чвахулеб бакІалъул ва росабалъ лъарамухъ ккун балеб мусоралда хурхун бицунеб. Районалъул бетІерас бегавулзабазда тІадкъана субботникалги гьарун, бугеб къварилъи лъугІизабизе ва тІадчІун бугеб ахІвал-хІалалъул хал гьабизе.

БоцІи букъулеб бакІалъул хаслъиялъул бицун кІалъазе рахъана росдал магІишаталъул отделалъул нухмалъулев ГьитІино МахІачев ва ветеринарияб управлениялъул нухмалъулев Къ. КъурбанмухІамадов.

Данделъиялъул ахиралда ТІолгороссиялъулаб халкъалъул перепись гьабизе бугеб хІадурлъиялъул баян кьуна администрациялъул специалист МухІамад ИсмагІиловас.

*Р. ХІАМЗАТОВ*

■ ИМАМ ШАМИЛ ХВАРАЛДАСА 150 СОН ТІУБАЯЛДЕ

# Гъазават лъугІигун, дунялалъул шаригІат бесдал хутІана

*(Байбихьи 1-себ гьум.)*



ГІурус пачаясул заманалда бахъараб энциклопедиялда имам Шамилие кьураб кьимат гьадинаб буго: «Шамил вукІана борхатаб сипаталъул, борхатаб лагаялъул, къамартІав ва чергесаб чи. ТІулакьерал, цодагьал къинкІарал беразулъ букІана гІакъиллъиялъулги, сихІирлъиялъулги, гьелдаго цадахъ рекІел лъикІлъиялъулги асар. Гьесие хасиятал рахъал рукІана чияс гьабураб жо кІочонгутІи, щакдари ва лъиего мутІигІлъунгутІи. Гьелда гъорлъан загьирлъулаан хІалимлъиялъул гІаламатги. Гьев вукІана кутакалда бахІарчияв чи. БатІи-батІиял рагъазулъ лъураб 19 ругъун букІана имамасул черхалда...».

Имамас кІвар кьолеб букІун буго гІелмуялъе. 25 соналъ рагъулъ вугониги, гьесда гІелму кІоченчІо. ЖамгІияб буголъиялдаса мутагІилзабазул къваригІелазе рихьизарулел рукІун руго гІарцул сурсатал. Щибаб росулъ рагьун рукІана мадрасал, гІелмуялде цІикІкІараб гъира бугел гъазаваталдаса эркен гьарун рукІана. Гъазаваталъул заманалда гІелму лъазабулезул къадар 10 нухалъ цІикІкІана. «ЖамагІаталъул ва мадрасазул къадар данде босани, Шамилил заманалда дагъистаниязул лъай буголъи, Европаялъул халкъаздаса цІикІкІун буго»-ян хъвалеб буго гІурус гІалимчи, генерал Петр Усларица.

Шамил имамасул гъазаваталъул аслияб мурад букІинчІо капурчагІигун рагъ гьаби, гьеб букІана ритІухълъи, гІадлу-низам, ракІбацІцІалъи цІуни, гІадамазулъ жахІда-хІусуд, тушманлъи букІунареб гІумруялде ахІи бай. Асирлъилалде цебе Шамилица гІурус пачаясда цере лъун руго гьадинал шартІал: Дагъистаналда эркенго дин гьабизе изну кьей, насранияб дин тІибитІизабунгутІи, дагъистаниял гІурус аскариязул кьерде ахІунгутІи, Дагъистаналъул халкъазда гьоркьоб питна бекьунгутІи.

Европаялъул халкъал хІикмалъун рукІун руго Шамилил бахІарчилъиялдаса. ГІарцул рахъалъ, дару-хералъул рахъалъ, квен-тІехалъул, яргъил рахъалъ мукъсанал дагъистаниял хасаб къвакІигун кІудияб Россиялде данде рахъиналъ. Наполеонил армиялдаса бергьине кІвараб гІурус армия 25 соналъ хъатІгІанасеб имаматалъулаз гъурун балеб букІана. Турциялъул гІалимчи Албай Яшарица хъван буго: «Дунялалъул тарихалда Шамилиде вахарав рагъул цевехъан ккечІо. Наполеон рагъулъ тІурччи вукІун ватани, Шамил имам цІадул хІуби ккола»-ян.

Исламиял гІалимзабаз абула Дагъистаналда диналъул рацІцІалъи Шамил имамасул баракаталдалъун бугин. Аби буго гІамал-тІабигІат (хасият) лъикІал гІадамал рехсарабгІан, Аллагьасул рахІматги цІикІкІунин. Нилъ Шамилил ирсилал, гьесул нух ккураллъун хутІаги кидаго, рахІматал рещтІаги киназулго къадруялда.

***Давуд ДАВУДОВ***

*ИМАМ ХВЕЯЛЪУЛ НУГІАСУЛ КАГЪАТ*

*ГІарабиялда Шамил имам (къ.с) хвеялъе нугІлъун лъугьун вуго ТІелекьа ГІабдурахІман абулев чи ва гьелъул хІакъалъулъ гьес Дагъистаналде битІун бачІараб лъихъеяли тІад цІар хъвачІеб кагъат ккун буго машгьурав гІарабист НурмухІамадил МухІамадихъе. Гьес гьеб буссинабун буго магІарул мацІалде. Гъоркьехун бахъулеб буго кагътил цо бутІа.*

*«Маккаялда гьесухъе (Шамилихъе) рачІана кІудиял гІалимал, мударисал, имамзаби, дин тІибитІизабулел гІадамал ва шайихзаби. Гьел гьесухъе рачІун ругоаан зияраталъ гьесул гьумер бихьизе. Маккаялъул эмирас буюрухъ кьуна гьесул хІурмат гьабизе. Цо нухалда маркІачІул какдаса тІад вуссун вачІунев имамасда Бабу-ГІали абулеб кавудухъе щвейгун, данд чІван вуго Хизри аварag. ГІемерисеб мехалда унаго, гІадамазда лъачІого вукІинелъун, гьес (имамас) тІад ретІунеб букІун буго батІияб ретІел. Хизри аварагасулгун гьесул дандчІвай ккей лъана Гьонодаса МухІамад Аминида.*

*Аварагасул (с.гІ.в.с.) мажгиталъул тІогь бихьараб мехалда (гьеб релъараб буго хобалда тІад бугеб къубаялда) имамас гьарун буго: «ХІалкІолъи цІикІкІарав Аллагь, дуца дие хоб насиб гьабе Аварагасда (с.т.гІ.в.) аскІоб». Имам гІемер унаан Аварагасул (с.гІ.в.с.) хабаде ва гьесде хитІаб гьабулаан:«Мун дида разияв вугев ватани, бихьизабе дида дур гьумер».Гьединан абун цо къоялъ Аварагасул (с.гІ.в.с.) хабада цеве гІодов чІун вукІаго, гьесда цебе лъугьана Аварагасул (с.гІ.в.с.) сурат. Гьениса имам рокъове щвана сородилаго. Гьелдаса хадуб гьесул (имамасул) черх загІиплъизе байбихьана. Гьев хвана Аллагьасде кІудияб рокьигун. Гьеб заманалда Мадинаялда гІумру гьабулеб букІана шайих Сайгид-ХІусеница, ва имам хвана гьесул жиндирго накалда бетІерги лъун. Хвараб къоялдайин абуни, ккана кІудияб хІикмалъиги. БакъигІалъул хабалалъ жаназа хабалъ лъолаго, гьев кІалъана;*

*«Мун букІа дун цІунулеб, дун чІалгІине толареб ахлъун»- ян абуна гьес.*

*Шамил имам вукъиялъулъ гІахьаллъизе рачІун рукІана кІудиял гІалимал ва цогидалги Мадинаялъул машгьурал гІадамал. Жаназадул как бана Аварагасул (с.гІ.в.с.) мажгит Равзаялда. ГІемерал гІадамал гІодана гьесда хадур. ГІемерал руччабаз, лъималаз рукъзабазул тІохаздеги рахун тІовитІана Аллагьасул къадар щварав имам ахирисеб сапаралъ. Гьез абулеб букІана гъазаваталъул церехъаби хвей кІудияб пашманлъи бугилан. Жаназа БакъигІалъул хабалалъе босиялда цере данделъана гІемерал гІадамал. ГІемерисезе бокьун букІана гьев лъураб молол гІоркь ккевезе».*

***Газеталъул архивалдаса***



**Имам Шамил вукъун вугеб БакъигІалъул хабал.**

■ ХАЛКЪАЛЪЕ БАЯН

# Балагьал рикІкІад гьариялъе хІалтІулел руго

**Нилъеда лъала тІабигІияб балагь яги гІадамасул гъалатІалдалъун кколел лъугьа-бахъинал инсан ракьалда вугебгІан заманаялъ кидаго нилъеда сверухъ рукІунеллъи. Инсанасул хІалбихьиялъе тІаде щвараб, гьикъичІого бачІараб балагь нилъеда нахъбахъизе кІоларелъул, амма бажарараб кумек ва квербакъи гьаби, ккараб къварилъиялде данде сабабалъул аслулъун рикІкІуна нилъер цІикІкІараз.**

Гьаб араб 2020 сон букІана захІматаб унтиялъул, инсанасе дару-дарман, вакцина жеги хадуб гьечІеб, гІадамал рихха-хочизарулеблъун. Районалъул жамагІаталъеги гІезегІан камиял ккана. Райбольницаялъул баянazда рекъон, лъагІалида жаниб covid-19 алъ унтаразул къадар лабораториялда тасдикъ гьабураб- бахуна 600ялдаса цІикІкІун чиясде. ГІураб къадаралда букІинчІо дару-хер, цІуна-къаялъул маскаби, квердаххелал, комбинезонал, физрастворал, букІинчІо унтуда данде кколеб вакцина. Къокъаб заманалда лъугьун бугеб ахІвал-хІалалъе битІараб кьимат кьуна республикаялда ва



районалда гьарурал тадбираз. Владимир Путинил буюрухъалда рекъон, Россиялъул батІи-батІиял регионаздасан гІуцІараб чанго медицинаялъул ва ГОЧСалъул къокъа щвана Дагъистаниязе кумекалъе. Нилъер районалдеги щвана 22 хІалтІухъанасдасан гІуцІараб Ростовский областалдаса МЧСалъул хІалтІухъаби. Районалъул росабалъеги щун, чанго росулъ дезинфекциялъулаб хІалтІи гьабуна гьел гІолохъабаз. Хадуб букІунелъул ургъел гьабичІого медицинаялъул хІалтІухъабаз бихьизабуна ракІбацІцІадаб хІалтІи. Лъугьун бугеб ахІвал-хІалги хІисабалде босун, районалъул бетІерасул нухмалъиялда гъоркь нагагьаб балагьалде данде къеркьеялъе ва зарал ккаразе квербакъи гьабиялъе гІуцІун буго хасаб комиссия. Гьеб комиссиялъул хІукмуялда рекъон, районалъул резервияб фондалъул сурсатаздасан росабазул жамагІатазе кумекалъе ва цІуна-къаялъе росана маскаби ва гьел рукъизе катаналъул рулонал, дезинфекциялъул растворал, цІуна-къаялъул халгІатал ва 543 азарго гъурцил багьаяб къайи. Гьеб кинабго районалъул росабазда гьоркьоб бикьана ва гьезухъе щвезабуна.

РДялъул Правительствоялъул Резервный фондалъул рахъалдасан букІа, Инсан фондалдаса букІа ва цогидал ресалда ругел гІадамазул рахъалдаса букІа- гІезегІан кумек щвана районалъул жамагІаталъе. Жакъад къоялъги гьеб хІалтІи гьабулеб буго.

*(Ахир 4-леб гьум.)*

■ ДАГЪИСТАН РЕСПУБЛИКАЯЛЪ 100 СОН ТIУБАЯЛДЕ

# «БагIараб росу» - Лъануб

**Дагъистаналъе автономия щваралдаса 100 сон тIубай кIодо гьабулеб бугеб гьаб соналъ газеталъул гьурмазда ракIалде щвезарулел руго дол 20-абилел саназул кIвар бугел тарихиял хIужжаби. Нилъер районалъул ункъго росу буго «БагIараб росу» абун цIар къураб: ТIелекь, Лъануб, КъахIиб ва Гьоориб. Гьел росабалъ гIуцIун рукIарал багIарал партизаназул отрядазул ва гьезул къеркьеязул бицунеб буго батIи-батIиял тIахьазда. НигIматула НурмухIамадовасул «ГIумрудул болъаби» абураб тIехьалдаса Лъануб росдал партизаназул хIакъалъулъ хъвараб цо бутIа кьолеб буго гъоркьехун:**

«Районалъул цогидал росабазулго гIадинаб язихъаб букIана лъандерил жамагIаталъулги гIумру-яшав. ГIемерал гIадамал унаан Темир-Хан-Шураре ва Порт- Петровскиялде бетIербахъиялъе. Росулъа гIезегIан чагIи хIалтIулел рукIана Порт-Петровскиялъул чирмакъалал гьарулеб заводалда ва къасабханаялда. Цо нухалда гуро гьезда рагIараб гьенир революционерал Н. Ермошкинил ва С.Кировасул хIасратал кIалъаял. Чанги дандчIвана гьел МухIамадмирза Хизроевгун. Гьездаса ва гьезул гьалмагъзабаздаса лъана боль-

Харабаз бицунаан хасалил лъабабго моцIалъ руччабаз тIаса хьитал рахъулароанила ва рачел бичун бусада хьибил чIваларoанилан. Гьел рагъулел ругел партизаназе кидаго кумекалъе хIадурго рукIунаанилан. Лъандерил «капурзаби» талавур гьаризе, гьенир ругел киналго бихьинал чIван лъугIизаризе ХIоцоса Нажмудиница къураб буюрухъ гьесул къокъабазда тIубазабизе кIвечIо.

Сунцаха кумек гьабураб доб мехалда нусгогIанасеб гурони цIараки букIинчIеб росдал гIадамазе питначагIазул чIахIиял бояздa тIад

хасалил сардилъ гьезул росдае гьужум гьабула. Амма гьел мурадалде щвечIо. ЦIикIкIарал камиялги ккун, лъандерил ракьалдаса лъутизе ккана. ПитначагIи зама-заманалдасан тохлъукьего тIаде кIанцIулел рукIин лъайдал, лъандерица жидерго ракьалъул сверухълъиялда къасиги къадги хъаравулзаби толел рукIана. Росдае хIинкъи букIиналъул хIакъалъулъ гьез гьенибе лъазабулаан тункIил гьаркьидалъун. Росдал гIолохъабийин абуни, къаси-къаси годекIанире ракIарун, гьениб цIаги бакун, хIадурго рукIунаан тушманасе жаваб кьезе къватIире рахъине.

ГIицIго хасалил лъабго моцIалда чанго нухалъ ккана лъандерил ракьалда рагъ. Щибаб нухалда гьез бихьинчилъиялда нахъчIвана тIаде кIанцIулел рукIарал. Дагьал гуро гьел рагъазулъ биял гIодоре тIурал. «Бидул хурив» чIвана Лъануса ГIабдурахIман Рамазанов, ОгетIараге-ГIали ДавудмухIамадов. ЗахIматго лъукъана Ражаб, Идрис, ХирамухIамад, ШугIайб ва цогидалги. Лапинил аскаралгун ва Муслим Атаевасул партизаналгун цадахъ лъугьун, лъандерил партизаназ питначагIаздаса рацIцIад гьаруна Гьидалъ участка; Хучада, Ракьуб, Бакълъухъ, ЗанатIа, Могьохъ ва къелдерил росаби. ГIахьвахъ участкаялъул партизаналгун цадахъ лъандерил гIолохъабаз жигараб гIахьаллъи гьабуна Болъихъ, Щумада районалъул гIадамал питначагIаздаса эркен гьариялъулъ. ГIусмановасул, Батирмурзаевасул, Атаевасул ва Хъара Хъараевасул къокъабигун цадахъ гьел щвана ЛъаратIеги. Гьенире унаго, МухIамадчиясул почихъ бахIарчилъиялда хвана ГIамайласул



Лъануб басрияб авал

шевиказ цIияб гIумруялъе гIоло гьабулеб къеркьеялъул хIакъалъулъ. Росулъе щвараб мехалда гьеб хабар гьез росуцояздаги бицунаан.

Лъануб росдал хIакъалъулъ «Путеводитель по Дагестану» абураб тIехьалда хъван буго гьадин: «Лъануб ккола Советский (Шамил-авт.) районалъул тIоцебесеб росу. Гьениса байбихьула АваргIурул расалъиялде гIодоберай, кваранаб рахъалда руго Ракьуб участкаялъул рохьазул ччоборлъаби.

Лъануб ккола багIарал партизаназул росу. Гьелъул сверухълъиялда гIемерал руго 1920-абилеб соналда багIарал партизаназ хIоцосесул къокъабазда тIад лъикIаланго бергьенлъаби росарал бакIал».

ХIоцоса Нажмудиница магIарухъ Советияб власталде дандечIараб питна багъаризабураб мехалда лъандерил жамагIат гьесда хадуб инчIо. Лъандерица лъазабуна жал большевиказул рахъалда ругилан. Граждан рагъул 1920-1921 абилел соназда лъандерица жидерго ракьалда хIетIе чIезе течIо Нажмудинида ва гьесул чукъбузда. Гьел цолъана гIахьвалазул партизаназул къокъабигун. ХIоцоса Нажмудиница, жиндирго чукъбузул кумекалдалъун, чанго нухалда гIуцIана лъандериде гьужум. ЦIакъго гIасияб букIана цо хасалил сордоялъ лъандерил ракьалда ккараб рагъ. ЦIикIкIараб къуват букIаниги революциялда дандечIаразе битI ккечIо. Жидерго бахIарчияв командир ГIазизил МухIамадил бетIерлъиялда гъоркь, лъандерил партизаназ кутакаб дандечIей гьабуна тушманасде. Гьез гьесул гьужумал бергьенлъиялда нахъчIвана.



Жакъасеб Лъануб росу

бергьенлъи босизе. ТIоцебесеб иргаялда росуцоязул гъункиялъ, жал ритIухълъиялъе гIоло рагъулел рукIиналда ракIчIеялъ ва нахъе къай, къуркьи букIинчIолъиялъ.

Жидерго ракь цIуни гуребги ШугIайбица, Занкица, ГIумарица ва СалихIилас нухмалъи гьабулел рукIарал партизаназул къокъабаз кумек гьабуна ГIахьвахъа Шамхал СалихIовасул къокъаялъеги. ГIахьвалазда тIаде цIунтIадерил, цIумадисезул, балъхадерил питначагIазул къокъаби кIанцIун ругилан ахIи бараб мехалда, жидерго росу цIунизе гIурал гIадамалги гьенир тун, Лъануса 70 гIолохъанчи гIахьвалазе кумекалъе ана. Гьенир гьел бахIарчилъиялда рагъана питначагIазда данде. Гьеб рагъулъ лъукъана СалихIилав, ГIумар, Занки.

Лъандерил гIолохъабазул цо бутIа росулъ гьечIолъи лъарал ХIоцоса Нажмудинил къокъабаз

МухIамад ва Сарикил Жамал; лъукъана Париханил МухIамад, Зурал МухIамад, ХIалиматилав ва ЦIодорасул МухIамад. МагIарул руччабазда гъорлъ къанагIатго рукIарал багIарал партизаназул цоял рукIана Лъануса ГIашура ХIажиева ва Пари МухIамадова. Гьел бихьиназда цадахъ питначагIазда данде бахIарчилъиялда рагъана.

ПитначагIаздаса магIарул росаби рацIцIад гьариялъе гIоло гьурурал рагъазулъ багьадурлъи ва бихьинчилъи бихьизабурал МухIамад ГIазизовасе тIад цIар хъвараб таманча, Занкие хвалчен, Ражабие сагIат, СалихIиласе, Идрисие, Къурбание, ГIамирхание ва Ибрагьимие солдатасул ретIел кьун букIана. Лъануса гIолилав Идрисил МухIамад, хIинкъи-къай лъачIого, жигаралда вагъана граждан рагъул заманалда деникинилазда данде ва БагIараб Байрахъалъул



Ахсумов ГьитIиномухIамад



Ахсумов ХирамухIамад



Занкиев Занки



МухIамадова Пари

орденалъе мустахIикълъана. БагIараб ЦIваялъул орденалъе мустахIикълъана ЦIахIиласул Ибрагьим. Граждан рагъул соназда рихьизарурал бахIарчиял ишазе гIоло Лъануб росдал цIар рехсон буго ТIолгосоюзалъул централияб исполнительнияб комитеталъул ХIурматалъулаб грамота кьураб ГIахьвахъ участкаялъул росабазда гъорлъ. Гьелъие кьун букIана, гьединго, «БагIараб росу» абураб цIарги. Гьеб букIана магIарухъ Советияб власть бергьиналъе ва щула гьабиялъе гIоло лъандерил партизаназул жигараб къеркьеялъул хIасиллъун».

*НИЖЕР МУХБИР*

■ ХАЛКЪАЛЪЕ БАЯН

# Балагьал рикIкIад гьариялъе хIалтIулел руго

*(Байбихьи 2-леб гьум.)*

Гьелдаго цадахъ гIезегIан кIвар кьола росабалъ ккарал тIабигIиял рукIа яги гъалатIаздасан ккарал рукIа лъугьа-бахъиназеги. Ругъелда, Гьолокь, Бакълъухъ ва ЗанатIа ункъабго росулъ тIубанго рухIана 4 мина. Риидал рарал хехал цIадазул балагьаздалъун яги тIаде бачIараб кьуру-гамачIалдасан ХIебда росулъ биххизабуна 5 мина. Гьел минабазул бетIергьабазе МухIамад ХIасановас гIуцIараб комиссиялъул хIукмуялда рекъон, материалияб кумек гьабуна районалъул бюджеталдасан 370 азарго гъурущ.

Хасалил цIорораб заманалда Ругъелда росулъе бачараб лъим цIорона. Школа, мадраса ва жамагIат хутIана лъим гьечIого. Районалъул бетIерасул тIадкъаялда рекъон, гьаруна хехал тадбирал, росана лъим жаниб тIезе къалал, водовозалъ баччун лъим чIезабуна росдал жамагIаталъе. Комиссиялъул хIукмуялдалъун, районалъул бюджеталдасан гьенибе биччана 68 азарго гъурущ.

Гьаб бачIараб 2021 соналъул авалалда, 13-14 январалда кутакал гьуразул хIасилалда, районалъул росабалъ хасго Къелеб, Ракьуб, Дагъбаш ва гьидерил росабалъ ккана гIезегIан зарал гIадамазе. 20 гIанасеб магIишаталъул гьороца минабазул чердакал рихххизаруна. Щибаб росулъ буго росдал администрациялъ гIуцIараб комиссия, гьелъул хал-шалги гьабун, районалдаса рачIарал специалисталги гIахьаллъун, ккараб заралалъул къадар мухIкан гьабуна ва моцIрол болжалалда ккараб заралалъе хъвай-хъвагIайги гьабун, нижеца гьеб комиссиялде босула ва райбюджеталъул резервный фондалъул сурсатаздасан бегьулеб кумек гьабуна. Минаялъе зарал ккарал, гьеб биххарал, ялъуни цIа ккун



Ракьуб гьороца зарал гьабураб мина

рухIарал гIадамазе рецIел щвезе ккани, мина букIине ккола регистрация гьабураб. Районалъул бюджеталдасан кьолеб гIарац буго хасаб кумек хIисабалда гьединазе бихьизабураб.

Аллагьас балагьал рикIкIад гьареги ва цIуна-къай гьабизе нилъее тавпикъги кьеги.

***ГОЧСалъул ва ЕДДСалъул нухмалъулев Закария РАМАЗАНОВ***

■ ИНФОРМАЦИЯ ДЛЯ ГРАЖДАН

## Операция «Оружие-выкуп»!

С 1 февраля по 31 декабря 2021 года на территории Республики Дагестан проводится операция «Оружие-выкуп», по возмездному выкупу у населения незаконно хранящегося огнестрельного оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ.

При приеме оружия, гражданам, добровольно сдавшим в ОМВД на возмездной основе незаконно хранящееся огнестрельное оружие, боеприпасы и взрывчатые материалы, выдаются следующие документы:

1. Копию заявления о добровольной сдаче оружия;
2. Квитанцию, предусмотренную приказом МВД России от 17 декабря 2012г. № 1107.
3. Копию постановлений об отказе в возбуждении уголовного дела.

После получения указанных документов гражданин, добровольно сдавший оружие, боеприпасы, взрывчатые вещества или взрывные устройства, обращается в Министерство юстиции Республики Дагестан (далее - Минюст РД) с заявлением, оформленным по форме, с приложением копий следующих документов:

1. копии паспорта;
2. копии страхового свидетельства государственного пенсионного страхования (при наличии);
3. копии свидетельства о постановке на учет в налоговом органе физического лица по месту жительства на территории Российской Федерации (при наличии);
4. копии заявлений о добровольной сдаче оружия, боеприпасов, взрывчатых веществ или взрывных устройств в ОМВД;
5. квитанции на принятое в органе внутренних дел Республики Дагестан оружие, боеприпасы, взрывные устройства, взрывчатые вещества;
6. постановление об отказе в возбуждении уголовного дела.

Заявление и прилагаемые к нему документы могут быть представлены в

Минюст РД лично гражданином, по адресу г. Махачкала, ул. Гагарина, тупик № 6, либо направлены по почте.

Выплата денежных средств осуществляется Минюстом РД в размере, установленном в таблице (таблица ниже) гражданам, добровольно сдавшим незаконно хранившееся у них оружие, боеприпасы, патроны, взрывчатые вещества или взрывные устройства, достигшим 18 лет, местом постоянной регистрации которых является Республика Дагестан.

Денежное вознаграждение не выплачивается за сданное оружие, боеприпасы, патроны, взрывчатые вещества или взрывные устройства в неисправном состоянии, либо непригодном для использования по основному назначению.

**Стоимость**
**огнестрельного оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ для предполагаемого выкупа у граждан**

| № п/п | Наименование оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ | Цена в руб. |
|---|---|---|
| 1. | Пистолет или револьвер | 45000 |
| 2. | Автомат | 60000 |
| 3. | Пулемет | 75000 |
| 4. | Подствольный гранатомет | 45000 |
| 5. | Ручной противотанковый гранатомет | 45000 |
| 6. | Одноразовый гранатомет или огнемет | 45000 |
| 7. | Винтовка СВД | 60000 |
| 8. | Пистолет-пулемет | 45000 |
| 9. | Охотничий карабин | 9000 |
| 10. | Охотничье гладкоствольное ружье | 4500 |
| 11. | Газовые пистолеты и револьверы отечественного производства | 1500 |
| 12. | Газовые пистолеты и револьверы иностранного производства | 1500 |
| 13. | Пистолеты и револьверы кустарного производства | 3000 |
| 14. | Самодельное стреляющее устройство | 750 |
| 15. | Взрывчатое вещество (тратил, пластид, аммонит, аммонал и др. промышленного изготовления) за 1 грамм | 8 |
| 16. | Взрывное устройство (устройство, включающее в себя ВВ и СВ) | 3000 |
| 17. | Средство взрывания (электродетонатор, капсюль-детонатор, взрыватель за 1 шт., огнепроводные и электропроводные шнуры за 1 метр) за единицу | 300 |
| 18. | Штатный боеприпас (выстрелы к артиллерийскому вооружению) | 3000 |
| 19. | Выстрел к РПГ | 3000 |
| 20. | Выстрел к подствольным и станковым гранатометам | 2500 |
| 21. | Ручная граната | 2500 |
| 22. | Мина | 1500 |
| 23. | Патроны и боеприпасы к боевому стрелковому оружию | 15 |
| 24. | Винтовка типа Мосина | 15000 |

**По возникающим вопросам обращаться по тел д/ч ОМВД России по Шамильскому району – 8-960-412-59-46.**
**Телефон доверия - 8-87-259-2-23-25**

ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОРАЛЪУЛ ИШАЛ ТIУРАЛЕЙ
П.Ш. МухIамадова
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
П.Г. Жамалудинова

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
М.ХIамзатов
ТI. МухIамадов

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гъазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГъазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана “Щияб канлъи” ва “БагIараб цIва” абурал цIаразда гъоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул “ГУП РГЖТ” типографиялда; Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрована Министерством РФ по делам печати, телерадиовещания и средств массовых коммуникаций Южного окружного межрегионального территориального управления. Регистр.ПИ№10-4593.

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде-кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужа-базул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авто-раз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталъ къимат кьезелъун. Нижер электронияб почтаялъул адрес: gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес: РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI 50